

Salmoneloz

Kisa salmoneloz ye?

Salmoneloz se yon maladi ki lakòz pa bakteri ki rele *Salmonèl*. Li jeneralman afekte entesten an (trip yo) epi li lakòz yon maladi ki dire plizyè jou jiska yon semèn. Si bakteri *Salmonèl* la pwopaje nan san an, li devlope yon maladi ki pi grav.

Kilès ki ka trape salmoneloz?

Tout moun ka trape salmoneloz, men yo idantifye l pi souvan lakay tibebe ak timoun yo. Granmoun aje, tibebe, ak moun ki gen sistèm iminitè ki afebli yo gen plis chans pou fè maladi ki grav.

Kijan bakteri *Salmonèl* la pwopaje?

Yon moun dwe vale *Salmonèl* la pou li lakòz maladi. Yo jwenn bakteri a nan matyè fekal (poupou) bèt yo elve pou manje yo (tankou volay, kochon, bèf), bèt yo konsève kòm bèt domestik (tankou leza, tòti, ti poul, ti kana, chyen, ak chat), ak moun ki enfekte yo. Apre matyè fekal yo ka kontamine vyann kri, poul, ze, lèt ki pa pasterize ak pwodwi fwomaj ak lòt manje, epi moun yo ka vin malad lè yo manje aliman kontamine sa yo. Moun ki enfekte yo ka pwopaje bakteri a si yo pa lave men yo byen aprè yo fin ale nan twalèt la oswa aprè yo fin touche bèt yo epi yo touche yon bagay (tankou manje, jwèt) ke lòt moun mete nan bouch yo.

Ki sentòm salmoneloz yo?

Sentòm salmoneloz yo gen ladan dyare (ki pa gen san), kranp nan vant, tèt fè mal, lafyèv, epi pafwa vomisman.

Nan konbyen tan aprè ekspozisyon an sentòm yo parèt?

Sentòm yo jeneralman parèt soti sis èdtan jiska twa jou oswa plis aprè ekspozisyon an, men an jeneral nan lespas 12-36 èdtan aprè ekspozisyon an.

Kijan yo dyagnostike salmoneloz?

Yo dyagnostike salmoneloz atravè tès laboratwa sou matyè fekal yo (poupou).

Ki tretman ki genyen pou salmoneloz?

Pifò moun ki fè salmoneloz yo retabli san tretman. Moun ki gen dyare yo ta dwe bwè anpil likid pou anpeche dezidratasyon. Yo jeneralman pa rekòmande antibyotik ak medikaman kont dyare yo pou maladi ki lejè jiska maladi modere yo. Moun ki fè salmoneloz grav la kapab bezwen admisyon nan yon lopital pou likid nan venn (I.V.) ak antibyotik.

Kijan yo ka prevni salmoneloz?

Ijyèn Men

- Byen lave men w ak savon ak dlo tyèd anvan ak aprè ou fin prepare manje ak aprè w fin twalèt oswa chanje daypè.

Fason pou Byen Manipile Manje

- Mete manje ki ka gate yo nan frijidè byen vit; evite konsève manje nan tanperati anbyan.
- Toujou trete volay kri, bèf, kochon, ak pwodwi ze yo tankou si yo te kontamine.
- Anvelope vyann ki fre yo nan sachè pastik nan mache a pou anpeche likid degoute sou lòt manje ki nan panye episri a.
- Evite manje ze ki kri oswa ze ki pa kwit ase yo (oswa manje ki fèt ak ze kri yo), volay, ak vyann.
- Evite bwè lèt kri (ki pa pasterize).
- Asire w ke manje ki kwit yo rive nan tanperati entèn ki kòrèk la, sitou lè w ap itilize yon mikrowond. Gade <https://www.cdc.gov/foodsafety/keep-food-safe.html> pou jwenn plis enfòmasyon.
- Lave fwi ak legim kri yo anvan w manje yo oswa anvan w rache yo.
- Dezenfekte planch pou koupe yo, kontwa, ak materyèl kizin yo aprè chak fwa w fin itilize yo (1 ti kiyè klowòks likid pa galon dlo efikas - prepare solisyon klowòks ki fre chak jou). Pa rense yo. Kite yo sèch nan lè.

Kontak avèk bèt

- Evite ti poul, ti kana, tòti, ak lòt reptil kòm bèt domestik pou timoun piti yo.
- Pa kite timoun yo manipile manje oswa friyandiz pou bèt domestik yo.
- Sipèvize timoun yo nan fèm yo, nan zoo pou timoun yo, ak nan lòt anviwònman kote yo kapab gen kontak ak betay yo (tankou ti bèf, mouton, kabrit, elatriye).
- Asire ke timoun yo lave men yo aprè yo fin touche bèt yo.

Pandan konbyen tan yon moun ki enfekte ka pote bakteri *Salmonèl* la?

Pifò moun pote bakteri a pandan plizyè jou jiska plizyè semèn aprè maladi a. Yon ti pousantaj moun ki enfekte yo pote bakteri a pandan yon lane oswa plis.

Èske yo ta dwe ekskli yon moun ki enfekte de travay oswa lekòl li?

Moun ki gen dyare yo pa ta dwe travay kòm moun ki manipile manje, oswa kòm moun ki pran swen timoun oswa pasyan. Timoun ki genyen dyare yo pa ta dwe ale nan gadri oswa nen lekòl. Pifò moun ki enfekte yo kapab retounen nan travay oswa lekòl lè dyare a kanpe, depi yo pridan pou lave men yo aprè yo fin itilize twalèt la. Nan kèk sitiyasyon, yo dwe ekskli moun ki enfekte avèk *Salmonèl* nan anviwònman ki gen anpil risk yo, menm si yo pa genyen okenn sentòm jiskaske yo pa gen *Salmonèl* nan pou pou yo. Depatman sante lokal la ta dwe enplike nan diskisyon sou lè moun ki enfekte avèk *Salmonèl* la ki nan anviwònman ki gen anpil risk yo kapab retounen san danje nan anviwònman sa yo.

Kijan m ka jwenn plis enfòmasyon sou salmoneloz?

- Si ou gen enkyetid sou salmoneloz, kontakte founisè swen sante ou an.
- Rele depatman sante lokal ou an. Yon anyè depatman sante lokal yo disponib nan <http://www.vdh.virginia.gov/LHD/index.htm>.
- Vizite sit entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a nan <http://www.cdc.gov/salmonella/>.

Septanm 2018